

## Gid pou Lavant/Kontra Kondisyonèl pou Vin Pwopriyetè

Anba la a se gid jeneral pou aplikan k ap aplike pou nouvo aplikasyon lisans machin pou fè travay komèsyal ak Komisyon Taksi ak Limouzin Vil New York (Taxi and Limousine Commission, TLC) anba lwa lokal kondisyonèl/kontra pou vin pwopriyetè yo. Tout dokiman nou soumèt yo dwe klè ak fasil pou li.

### Aplikan

Aplikan an dwe gen yon lisans chofè TLC lè li depoze aplikasyon an.

Non ki sou lisans chofè TLC a dwe koresponn ak nimewo lisans ki sou dosye kous FHV a lè TLC verifye li.

Non aplikan an, non moun k ap lwe ak achte ki sou machin nan dwe menm non ki sou lisans chofè TLC a.

Lè aplikan an se yon antrepriz, ou dwe soumèt kontrandi rankont antrepriz la ki note ofisye yo pou idantifye ki moun ki pral siyen kontra a pou antrepriz la epi ki ofisye antrepriz la ki gen lisans chofè TLC a.

### Kondisyon Kontra a

Dat efektiv (dat kòmansman) kontra a dwe note nan tèks kontra a epi l pa ka apre 14 out 2018.

Nimewo Idantifikasyon Machin (Vehicle Identification Number, VIN) machin nan dwe endike nan tèks kontra a.

Kondisyon kontra a dwe gen yon chwa pou moun k ap lwe a achte machin nan.

Kondisyon kontra a dwe endike dire kontra a swe mwens pase 2 zan.

Chak paj kontra a dwe gen inisyal oswa siyati moun k ap lwe a ak moun y ap lwe nan men li a ak dat la sou li si sa obligatwa.

VIN ki nan kontra a dwe koresponn ak VIN ki sou dosye kous FHV a lè TLC verifye li.

### Prèw Pwopriyetè Machin nan

Aplikan an dwe bay yon kopi devan ak dèyè tit machin ki nan kontra a pou yo bay lisans la.

Si do Tit la pa ranpli, yo dwe endike dat yo ak siyati moun k ap lwe a ak moun y ap lwe nan men li a sou li.

Non pwopriyetè machin ki presize nan tit machin nan dwe menm ak non **aplikan** ki gen lisans chofè TLC a sou li.

## **Fason pou Aplike pou yon Lisans Kontra (Kondisyonèl) pou Vin Pwopriyetè yon Machin**

**Etap 1-** Ale nan baz ou a epi fè yo soumèt yon afimasyon baz dijital atravè TLC UP ([www.nyc.gov/tlcup](http://www.nyc.gov/tlcup)) nan TLC Up.

**Etap 2-** Apre yo fin soumèt afimasyon baz dijital la, ou pral resevwa yon imèl ak yon nimewo SRS; Reponn imèl la ak dokiman nou mande yo pou nou ka egzaminen yo pi vit. Ou ka soumèt dokiman yo dirèkteman bay [TLCFHVCONDITIONAL@TLC.NYC.GOV](mailto:TLCFHVCONDITIONAL@TLC.NYC.GOV) tou, epi li ka pran jiska 10 jou travay pou egzaminen li ak trete li.

**Etap 3-** Apre yo apwouve dokiman ou yo, w ap resevwa de (2) imèl:

**Imèl #1** - Imèl apwobasyon ak aplikasyon machin nan atache ak li. Ou dwe ranpli ak soumèt aplikasyon sa a fas-a-fas pandan randevou w la.

**Imèl #2** – Imèl konfimasyon randevou a ki enfòmè pwopriyetè machin nan pouli ale nan etablisman TLC LIC a nan yon dat ak lè espesifik epi soumèt nouvo aplikasyon an ak frè li.

**Etap 4-** Si ak lè aplikasyon nouvo machin ou an apwouve pou trete, ou pral resevwa plak TLC ou a touswit nan Biwo DMV TLC ou a ki nan etablisman TLC LIC a. **Tanpri note: Ou dwe ge dokiman asirans valid ou yo ak ou.**

**Etap 5-** Apre ou fin jwenn plak lisans ou, nou pral pwograme yon enspeksyon DMV oswa Vizyèl nan etablisman enspeksyon Woodside la.

**Etap 6-** Apre machin ou an pase enspeksyon an, lisans machin ou a ap vin aktif epi l ap pare sou “Machin Aktif” nan lis done Lib sou sitwèb TLC a sou sitwèb [nyc.gov/tlcopendata](http://nyc.gov/tlcopendata) nan ant 24 ak 48 èdtan.